

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan mangrupa cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 203). Sadengkeun nurutkeun Suryana (2010, kc. 16) métode panalungtikan nyaéta prosédur atawa léngkah-léngkah dina nyangking pangaweruh nu ilmiah atawa élmu. Sugiyono (2019, kc. 3) nétélakeun yén data nu dicangking dina panalungtikan kudu *valid*, *reliable*, jeung *objektif*. Kagiatan panalungtikn nu dilakukeun kudu ilmiah nu hartina kudu luyu jeung ciri-ciri paélmaan, nyaéta rasional, émpiris, jeung sistematis.


Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Suryana (2010, kc. 14) nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa cara panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan hal-hal nu keur ditalungtik. Ieu hal diwewegan ku pamadegan Singarimbun dina Suryana (2010, kc. 15) yén udagan tina métode déskriptif pikeun mikanyaho kamekaran sarana fisik nu tangtu jeung ngadéskripsikeun hal-hal nu keur ditalungtik sacara ngéntépseureuh.

Pamarekan panalungtikan kualitatif mangrupa pamarekan panalungtikan nu nyoko kana filsafat *fostrapositivisme*. Digunakeun pikeun nalungtik kondisi obyék alamiah, nu nalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana. Téhnik ngumpulkeun data dilakukeun kalawan *triangulasi* (gabungan). Analisis data miboga sifat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana ma'na ti batan *generalisasi* (Sugiyono, 2019, kc. 18).

Dina ieu panalungtikan nu didéskripsikeun nyaéta struktur atawa runtuyan seni terebang sejak, properti nu digunakeun, fungsi seni terbang sejak, jeung analisis unsur-unsur éstétika seni terebang sejak.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang panalungtikan sangkan data nu dicangking saluyu jeung konsép nu dipiharep ti mimiti nangtukeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Desain panalungtikan bisa digambarkeun saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.2. Lokasi jeung Data Panalungtikan

Lokasi nu dijadikeun panalungtikan pikeun nyangking data perenahna aya di Kampung Naga Désa Néglasari Kecamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya. Kampung Naga perenahna di lembah nu asup ka wilayah Désa Néglasari. Lega wilayah Désa Néglasari kurang leuwih 305 héktar, sedengkeun wilayah Kampung Naga legana kurang leuwih 10,5 héktar jeung lega wilayah tatanén kurang leuwih 6 héktar. Hawa udara di Kampung Naga kurang leuwih $21,5^{\circ}$ – 23° jeung curah hujan unggal taunna kurang leuwih 3.468 mm. Belah kalér Kampung Naga berbatasan jeung Kampung Nangtang, Kecamatan Cigalontang, ti belah kidul berbatasan jeung pasir ogé jalan raya nu jadi pangliwatan antara Tasikmalaya, Garut, jeung Bandung. Jarak ti Kampung Naga ka Kota Tasikmalaya kurang leuwih 30 km, jarak ti Kota Garut ka Kampung Naga kurang leuwih 25 km, jeung jarak ti Bandung ka Kampung Naga kurang leuwih 106 km. Dumasar kana itungan, jarak ti Kota Garut leuwih deukeut ti batan ti Kota Tasikmalaya, jeung jarak ti Bandung kaitung pangjauhna. Jalan hiji-hijina pikeun asup ka Kampung Naga nyaéta ngaliwatan 439 anak tangga dina lamping nu kurang leuwih 40 derajat, jarakna kurang leuwih 800 – 900 meter ti parkir.

Gambar 3. 1

Dénah Kampung Naga



Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

Gambar 3. 2
Tangga Kampung Naga



Ieu tangga mangrupa jalan hiji-hijina pikeun ngajugjug ka Kampung Naga nu réana aya 439 anak tangga, nyambungkeun ti lokasi parkir nepi ka Kampung Naga.

Gambar 3. 3
Lokasi Parkir



Ieu foto mangrupa parkiran ogé lawang pikeun tamu atawa wisatawan nu rék ka Kampung Naga. Di ieu parkiran nyampak sababaraha kios nu ngajual aksésoris kerajinan, kadaharan, jeung koprasi.

3.2.1 Kondisi Sosial Masarakat Kampung Naga

a. Cacah Jiwa

Jumlah cacah jiwa di Kampung Naga, Désa Néglasari, Kecamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya nyaéta 284 jiwa, jumlah lalaki aya 144 jiwa, jeung jumlah awéwéna 140 jiwa. Jumlah kepala keluarga di Kampung Naga aya 101 KK, jumlah wangunan aya 112 wangunan.

Tabél 3. 1

Jumlah Cacah Jiwa

Jumlah Lalaki	144 jiwa
Jumlah Awéwé	140 jiwa
Jumlah Total (Awéwé+Lalaki)	284 jiwa
Jumlah Kepala Keluarga	101 KK
Jumlah Wangunan	112 wangunan

Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

b. Agama

Masyarakat Kampung Naga ngagem Agama Islam. Kampung Naga miboga masjid, perenahna aya di tengah-tengah kampung, wangunanna panggung. Ieu hal katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3. 2

Agama

Agama	Jumlah
Islam	284 jiwa

Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

Tabél 3. 3

Sarana Ibadah

Jenis Sarana	Jumlah
Masjid	1 buah

Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

c. Atikan

Ditilik tina segi atikan, masyarakat Kampung Naga mayoritas lulusan SD tapi teu saeutik ogé nu lulusan SMP Ieu hal katitén tina data ieu di handap.

Tabél 3. 4

Atikan

Atikan	Jumlah
Penduduk acan sakola	19 urang
Penduduk acan tamat SD	18 urang
Penduduk tamat SD/ sederajat	186 urang
Penduduk tamat SMP/ sederajat	36 urang
Penduduk tamat SMA/ sederajat	17 urang
Penduduk tamat S-1	3 urang
Penduduk tamat S-2	0
Penduduk tamat S-3	0
Penduduk teu sakola	2 urang

Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

d. Pakasaban

Pakasaban utama masarakat Kampung Naga nyaéta tatanén. Disagédéngeun éta, aya ogé pakasaban lain nu dilarapkeun nyaéta nyieun kerajinan, dagang, ternak hayam, ternak lauk, jeung ternak bébék. Ieu hal katitén dina data ieu di handap.

Tabel 3. 5
Pakasaban Masarakat Kampung Naga

Pakasaban	Jumlah
Tatanén	107 urang
Nyieun kerajinan	32 urang
Dagang	23 urang
Pagawé supermarket	0
Ternak hayam	53 urang
Ternak lauk	27 urang
Ternak bébék	0

Sumber: Monografi Kampung Naga 2022

e. Basa

Basa nu digunakeun ku masarakat Kampung Naga nyaéta basa Sunda. Basa Sunda nu digunakeun leuwih nyoko kana loma pikeun ka papada urang Kampung Naga, aya ogé nu ngagunakeun basa Indonesia hususna pemandu pikeun komunikasi jeung tamu atawa wisatawan nu lain urang Sunda.


3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Dina ngumpulkeun data jeung naganalisis data, tangtuna kudu aya sumber data nu rék dipaluruh nu luyu jeung tujuan panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subyék nu méré informasi ngeunaan data nu baris ditalungtik, boh ngaliwatan wawancara, obsérvasi, boh dokuméntasi. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 286) sumber data panalungtikan kualitatif disebut narasumber. Nu jadi narasumber atawa informan dina ieu panalungtikan nyaéta pamaén seni terebang sejak, pangurus organisasi Kampung Naga, punduh, jeung pupuhu kasenian Kampung Naga.

Tabel 3. 6

Data informan

No	Foto	Data Informan
1		Wasta : Aji Yuswa : 52 taun Pakasaban : Pangurus organisasi Wanda baga : Lalaki Kalungguhan : Pangurus organisasi Padumukan : Kp. Babakan Ds. Néglasari
2		Wasta : Tatang Yuswa : 51 taun Pakasaban : Pemandu Kampung Naga Wanda baga : Lalaki Kalungguhan : Pupuhu kasenian Kampung Naga Padumukan : Kp. Pondok Waru Dusun Naga Ds. Néglasri
3		Wasta : Habib Yuswa : 33 taun Pakasaban : Tani Wanda baga : Lalaki Kalungguhan : Palaku seni Terebang Sejak Padumukan : Kampung Naga

4		Wasta : Ma'un Yuswa : 88 taun Pakasaban : Tani Wanda baga : Lalaki Kalungguhan : Punduh Padumukan : Kampung Naga
---	---	---

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa tahapan anu utama dina ngalaksanakeun panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data diperlukeun pikeun nyangking data dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 296) téhnik ngumpulkeun data nyaéta léngkah nu utama dina panalungtikan pikeun nyangking data, sabab panalungtik moal bisa nyangking data nu luyu jeung *standarisasi* data nu ditangtukeun saumpama henteu nyangkem kana téhnik ngumpulkeun data. Dina proses ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sababaraha sumber, *setting*, jeung téhnik. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 297) yén téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan kuatlitatif dilaksanakeun sacara natural *setting* (kayaan nu alamiah), sumber data primer, jeung téhnik ngumpulkeun data leuwih nyoko kana proses obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta obsérvasi partisipatif, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Obsérvasi Partisipatif

Obsérvasi partisipatif mangrupa téhnik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan sacara langsung. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 298) obsérvasi partisipatif nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara panalungtik ngilu kana ngalaksanakeun kagiatan nu jadi objék panalungtikanana.

2) Wawancara

Téhnik nu kadua dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik wawancara. Nurutkeun Esterberg (Sugiyono, 2019, kc. 305) yén téhnik wawancara téh kabagi kana tilu rupa nyaéta wawancara *terstruktur*, wawancara *semi terstruktur*, jeung

wawancara *tidak terstruktur*. Nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara *semi terstruktur*. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 306) wawancara *semi terstruktur* mangrupa jenis wawancara nu dina larapna leuwih bébas ti batan wawancara *terstruktur*.

Ku ngaliwatan ieu wawancara, panalungtik bisa nyangking informasi nu leuwih teleb ngeunaan obyék nu ditalungtik. Nu jadi narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta palaku seni terebang sejak, pupuhu kasenian Kampung Naga, punduh Kampung Naga, jeung pangurus organisai Kampung Naga.

3) Dokuméntasi

Téhnik nu katilu dina ieu panalungtikan nyaéta dokuméntasi. Dokuméntasi mangrupa téhnik pikeun ngumpulkeun data dina wangun foto, video, jeung bukti rékaman séjénna nu patali jeung seni terebang sejak.

3.3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa hal nu penting pikeun panalungtikan, sangkan ngagampangkeun dina nyangking data jeung ngolah data. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus, leuwih lengkap, jeung sistematis ogé gampang dina ngolah datana. Dina ieu panalungtikan instrumén nu digunakeun nyaéta *handphone*, kaméra, pedoman wawancara, jeung buku catetan.

a) *Handphone*

Handphone salaku instrumén panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeun dina wangun vidio ngeunaan pintonan terebang sejak. Salian ti éta, *handphone* digunakeun pikeun ngarékam obrolan nalika wawancara.

b) Kaméra

Kaméra salaku instrumén panalungtikan pikeun ngadokuméntasikeun dina wangun foto ngeunaan kagiatan wawancara, properti, waditra, jeung palaku seni terebang sejak.

c) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara salaku instrumén panalungtikan pikeun nyangking data ti narasumber sacara lisan ngagunakeun patalékan nu disiapkeun ti anggalna.

Pedoman wawancara digunakeun pikeun cecekelan panalungtik nalika ngalaksanakeun wawancara sangkan teu jauh méngpar tina udagan.

d) Buku Catetan

Buku catetan salaku instrumén panalungtikan pikeun nyatet data atawa informasi nu dicangking ngeunaan seni terebang sejak di Kampung Naga.

Tabel 3. 7

Pedoman Wawancara

Daftar patalékan		
No	Réspondén	Patalékan
1	Pangurus organisasi Kampung Naga	<ol style="list-style-type: none"> 1. Dupi jenenganana saha? 2. Dupi yuswana sabaraha? 3. Pakasabanana naon? 4. Kalungguhanana salaku naon? 5. Sareng padumukanana di mana? 6. Kaayaan Kampung Naga di jaman kapungkur sapertos kumaha? 7. Upami basa nu digunakeun basa naon waé? 8. Upami sacara geografisna sapertos kumaha Kampung Naga téh? 9. Perkawis adat istiadat, kesenian sareng dekorasi bumi aya parobihan? 10. Naon waé parobihanana? 11. Upami adat istiadat anu sok dilaksanakeun naon waé? 12. Dina adat istiadat aya nu tos teu dilaksanakeun teu di jaman kiwari? 13. Upami kesenian anu masih dilaksanakeun naon waé? 14. Dina kasenian aya nu tos teu dilaksanakeun teu di jaman kiwari?

		<p>15. Perkawis pantrangan, pantrangan naon waé anu ulah dilakukeun ku warga Kampung Naga boh paripolah boh ucapan?</p> <p>16. Upami kanggo tamu atanapi pendatang, pantranganana naon waé?</p> <p>17. Dina pernikahan aya ogé pantranganana?</p> <p>18. Upami agama nu diagem ku masarakat Kampung Naga naon waé?</p> <p>19. Naha masarakat Kampung Naga aya nu salian agama Islam?</p> <p>20. Aya sabaraha waé jumlah masing-masing agamana?</p> <p>21. Ngeunaan sajarah, tah Kampung Naga téh sapertos kmaha sajarahna?</p> <p>22. Sareng anu ngadegkeunana saha?</p>
2	Palaku seni terebang sejak	<p>1. Dupi jenenganana saha?</p> <p>2. Dupi yuswana sabaraha?</p> <p>3. Pakasabanana naon?</p> <p>4. Kalungguhanana salaku naon?</p> <p>5. Sareng padumukanana di mana?</p> <p>6. Ari terebang sejak téh kasenian sapertos kumaha?</p> <p>7. Ari hartosna kecap sejak téh naon?</p> <p>8. Upami pungsi terebang sejak téh kanggo naon waé?</p> <p>9. Upami terebang sejak paling sering dipintonkeunna dina acara naon waé?</p> <p>10. Di mana dipintonkeunana? Di lapangan, di rohangan?</p> <p>11. Waktos pintonanana iraha? siang, sonten atawa wengi?</p>

		<p>12. Susunan pintonan terebang sejak téh aya naon waé?</p> <p>13. Ari béntenna sareng pintonana terebang nu sanés naon?</p> <p>14. Saha wae anu tiasa nongton? Upami istri jeung Murangkalih teu aya pantrangan?</p> <p>15. Perkawis jumlah pamaén ti kapungkur dugi kiwari aya parobihan?</p> <p>16. Jenis waditra anu dianggona aya naon waé?</p> <p>17. Upami cara maénkeunana sapertos kumaha?</p> <p>18. Tina bentuk waditra anu dianggo, aya ma'na-ma'nana teu?</p> <p>19. Makna naon waé anu aya dina bentuk waditrana?</p> <p>20. Perkawis pakéan, kanggo terbang sejak aya pakéan husus atanapi henteu?</p> <p>21. Tina pakéan anu sok dianggo minton aya ma'na-ma'nana?</p> <p>22. Kanggo pamaén terbang sejak aya pantrangan anu teu kinging dilakukeun henteu?</p> <p>23. Upami tina jumlah pamaén aya ma'nana teu?</p> <p>24. Naon waé pantranganana?</p> <p>25. Upami badé minton sarat naon waé anu kedah dicumponan?</p> <p>26. Sareng pungsi éta sarat téh kanggo naon?</p> <p>27. Aya ma'nana teu dina sarat anu disajikeun?</p> <p>28. Upami perkawis sajarahna, sapertos kumaha sajarahna terebang sejak téh ti kawit ngadegna terebang sejak di Kampung Naga?</p>
--	--	--

3	Pupuhu kasenian Kampung Naga	<ol style="list-style-type: none"> 1. Dupi jenenganana saha? 2. Dupi yuswana sabaraha? 3. Pakasabanana naon? 4. Kalungguhanana salaku naon? 5. Sareng padumukanana di mana? 6. Lagu naon waé anu sok dihaleuangkeun nalika terebang sejak minton? 7. Upami tema laguna naon waé anu sok dihaleuangkeun dina terebang sejak téh? 8. Perkawis rumpakana sapertos kumaha ? 9. Tah tina tiap bait téh aya ma'nana teu ? 10. Ma'na naon waé anu nyampak dina unggal baitna? 11. Perkawis rumpaka ti jaman kapungkur dugi ka kiwari aya parobihan? 12. Salami ngahaleuangkeun lagu-lagu terebang sejak aya pantrangan atanapi sarat anu kedah dicumponan teu? 13. Naon waé perkawis pantrangan sareng saratna? 14. Pungsi éta pantrangan sareng sarat téh naon?
4	Punduh	<ol style="list-style-type: none"> 1. Dupi jenenganana saha? 2. Dupi yuswana sabaraha? 3. Pakasabanana naon? 4. Kalungguhanana salaku naon? 5. Sareng padumukanana di mana? 6. Perkawis jumlah penduduk Kampung Naga aya sabaraha? 7. Lalaki na sabaraha? 8. Awewena sabaraha? 9. Upami KK aya sabaraha?

		<p>10. Ari jumlah wangunanana ayeuna aya sabaraha?</p> <p>11. Upami agama nu diagem ku masarakat Kampung Naga naon waé?</p> <p>12. Naha aya masarakat Kampung Naga nu salian agama Islam?</p> <p>13. Aya sabaraha urang jumlah masing-masing agamana?</p> <p>14. Upami pendidikanana, penduduk Kampung Naga rata-rata dugi ka tingkatan naon waé?</p> <p>15. Aya sabaraha urang jumlah masing-masing tingkatan pendidikanana?</p> <p>16. Ari padamelan masarakat Kampung naga téh naon?</p> <p>17. Aya padamelan nu salian ti tatanén teu nu dilaksanakeun ku masarakat?</p> <p>18. Aya sabaraha urang jumlah tina masing-masing padamelanana?</p> <p>19. Upami basa nu digunakeun ku masarakat Kampung Naga naon waé?</p>
--	--	--

3.3.3 Téhnik Ngolah Data

Dumasar data-data anu geus kacangking ngaliwatan téhnik ngumpulkeun data, tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Panalungtik niténan data-data nu geus kakumpul;
- 2) Tuluy nyieun papasingan kana data-data anu geus kakumpul dina hasil panalungtikan nu luyu jeung rumusan masalah; jeung
- 3) Nganalisis unsur-unsur éstétika nu aya dina seni terebang sejak.

3.4 Méhode Ngumpulkeun Folklor pikeun Pengarsipan

Dina folklor, aya méhode ngumpulkeun folklor pikeun pengarsipan. Nurutkeun Danandjaja (2007, kc. 193) aya tilu léngkah dina ngalaksanakeun

panalungtikan folklor nyaéta 1) prapanalungtikan di tempat, 2) panalungtikan di tempat nu saenyana, jeung 3) cara nyieun naskah folklor pikeun pengarsipan.

1) Prapanalungtikan di tempat

Ilaharna kagiatan panalungtikan, tangtuna waé aya prosés tatahar atawa prosés ngararancang. Nu kudu dirarancang dina panalungtikan folklor nyaéta cara pikeun nyangking wangun folklor nu rék dikumpulkeun ngagunakeun sababaraha métode jeung alat pangrojong mangrupa wawancara, alat pangrojongna *mikrofon eksternal* pikeun ngarékam sorana, kaméra pikeun motrér jeung midio objék panalungtikan (Danandjaja, 2007, kc. 193).

2) Panalungtikan di tempat nu saenyana

Nurutkeun Danandjaja (2007, kc. 194) ilaharna salaku panalungtik, nalika ancrub ka tempat panalungtikan nu kudu diheulakeun nyaéta hubungan *rapport* atawa hubungan harmoni antara panalungtikjeung informan, cara pikeun numuwuhkeun hubungan harmoni nyaéta ku cara jujur, handap asor, jeung sopan. Saprak geus tumuwuhna hubungan harmoni antara panalungtik jeung informan, dituluykeun kana prosés wawancara pikeun nyangking bahan folklor, jenis wawancara nu digunakeun dina panalungtikan folklor nyaéta wawancara terarah jeung wawancara teu terarah (Danandjaja, 2007, kc. 195). Nalika data panalungtikan geus ka cangkin, dituluykeun kana prosés *pengujian kebenaran data wawancara* ku cara ngawawancara deui informan séjén ngagunakeun patalékan nu sarua jeung ngalakukeun pengamatan tina pintonan folklor di lapangan dumasar kana gambaran nu dicangking ku panca indera panalungtik (Danandjaja, 2007, kc. 197). Sangkan ieu panalungtikan bisa dilaksanakeun sacara jembar, pengamatan nu digunakeun aya dua jenis nyaéta pengamatan terlibat jeung pengamatan terkendali (Danandjaja, 2007, kc. 199).

3) Cara nyieun naskah folklor pikeun pengarsipan

Kabéh bahan folklore nu geus ka kumpul tuluy ditik ngagunakeun kertas HVS kandel ukuran kuarto, spasi rangkap, unggal item ngagunakeun lembar kertas sorangan, unggal lembar kertas palebah kénca dibéré jarak kosong 3½ cm, palebah katuhu dibéré jarak kosong 2½ cm, luhur jeung handap dibéré jarak kosong 3½ cm, unggal alinéa anyar dimimitian ku lima ketukan kosong, dina unggal lembar kertas kudu dilengkepan ku katerangan jangreu, daérah asal jangreu, jeung suku bangsa

nu ngabogaan folklor. Ieu katerangan ditik di juru kénca palebah luhur. Di juru katuhu palebah luhur kudu dilengkepan ku data informan, jeung di juru katuhu palebah handap kudu dilengkepan ku katerangan ngeunaan data ngumpulkeun folklor.

3.5 Téhnik Nganalisis Data

Téhnik nganalisis data mangrupa tahapan nu penting sangkan nyangking data nu sistematis dumasar kana hasil wawancara, catetan lapangan, jeung dokuméntasi. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 320) analisis data kualitatif miboga sifat induktif, nyaéta hiji analisis dumasar kana data nu dicangking, tuluy dimekarkeun jadi *hipotesis*